

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa mangrupa salahsiji pakakas penting dina hirup kumbuh di masarakat. Kusabab ku ayana basa bisa ngayakeun komunikasi antar papada manusa. Bisa kasawang kumaha balukarna mun manusa dina hirup kumbuhna teu dibarengan ku basa. Ngaliwatan basa, manusa bisa ngedalkeun sakabéh gagasan, pikiran, eusi haté, kagiatan sarta kréatifitasna kalawan merenah.

Basa Sunda salaku basa urang Sunda, basa nu aya di tingkatan kadua panglobana panyatur di Indonesia sanggeus basa Jawa, kacida pentingna pisan pikeun terus dipiara ku masarakatna. Lantaran basa Sunda kacida pentingna pikeun kalumangsungan hirup kumbuh masarakat Sunda. Tegesna mah basa Sunda mangrupa salahsiji ébrehan pribadi masarakat Sunda. Kalungguhan basa Sunda ditangtayungan ku nagara, sakumaha nu kaunggel dina penjelasan UUD 1945 bab XV pasal 36 anu nétélakeun yén basa-basa daerah anu masih dipiara sarta diajénan ku masarakatna, diajénan ogé ku nagara lantaran éta basa-basa téh mangrupa bagian tina kabudayaan Indonesia.

Dina mekarkeun hirup-huripna basa Sunda, sakola mangrupa lembaga formal anu miboga pancén nu kawilang penting pikeun nepikeun bahan pangajaran basa Sunda. Ku cara nepikeun éta pangajaran dipiharep siswa wanoh tur nyangkem kana basana sorangan, parigel dina ngagunakeunana luyu jeung tatakrama nu aya di masarakat Sunda. Kamampuh ngagunakeun basa Sunda téh ngawengku kamampuh mikir, ngarasa, jeung komunikasi ti bihari nepi ka kiwari.

Sangkan éta tujuan bisa kahontal, saéstuna éta anu kawengku dina bahan pangajaran téh kudu disusun dumasar kana kurikulum anu dijéntrékeun dina silabus jeung RPP atawa Rencana Pelaksanaan Pembelajaran. Kurikulum ti bihari nepi ka kiwari geus ngalaman sababaraha kali parobahan, éta hal téh diluyukeun jeung kamekaran jaman sarta pangabutuh masarakatna. Standar kompetensi basa Sunda dumasar kana Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) nu diberlakukeun di dunya pendidikan kiwari, ngawengku kaparigelan ngaregepkeun, maca, nyarita, jeung nulis. Opat kaparigelan éta pakuat-pakait jeung kamampuh berbahasa sarta pangalaman bersastra. Aspék-aspék éta dina prak-prakanna prosés pangajaran dilaksanakeun secara terpadu. Aspék kabasaan (kandaga kecap jeung tata basa) dipidangkeun dina pangajaran kaparigelan berbahasa secara integratif. Salasahiji bahan ajar pikeun kamekaran aspék kabasaan nya éta undak-usuk basa Sunda.

Dina makéna basa Sunda téh aya carana sarta mibanda aturan anu tangtu. Salasahiji aturan makéna basa Sunda téh disebutna undak-usuk basa. Ari undak-usuk basa Sunda téh mibanda hubungan jeung kakawasaan, kalungguhan, jeung kaakraban. Kukituna enggonging makéna basa téh sabisa-bisa para panyatur henteu méngpar tina aturan.

Nilik kana kaayaan jeung situasi undak-usuk basa Sunda kiwari utamana di barudak rumaja pantaran barudak SMA, nu kahirupanana kapangaruhan ku kamekaran jaman nu kalolobaanana geus ninggalkeun tradisi daerahna, salasahiji nu jadi bangbaluhna nya éta ngarasa hésé dina maké basa Sunda nu diwuwuhan ku undak-usuk basa atawa tatakrama Sunda. SMA Pasundan 3 Bandung salasahiji

sakola nu aya di puseur dayeuh Bandung. Nilik kana ngaran sakolana “Pasundan” tangtu ieu sakola teu leupas tina ajén-ajén kasundaan. Katitén tina visi éta sakola “Pengkuh Agamana, Luhung Élmuna, Jembar Budayana, Parigel Kabisana.”. Budaya didieu nu diutamakeunana tangtu budaya wewengkon Bandung nya éta budaya Sunda. Tapi teu kitu dina kanyataanana, teu saeutik siswa SMA Pasundan 3 Bandung nu teu wanoh kana budaya Sunda kitu ogé kana basa Sunda komo basa Sunda nu diwuwuhan ku undak-usuk mah. Ditambah deui ku kondisi jeung pangaruh lingkungan sabudeureunana nu geus kapangaruan ku budaya *westernisasi*. Atuh teu burung basa Sunda téh ditaringgalkeun ku pamakéna.

Ku sabab kitu lembaga pendidikan atawa sakola dipiharep pisan bisa jadi tempat atikan pangajaran undak-usuk basa Sunda anu leuwih merhatikeun kana tingkat kualitas pamahaman kana undak-usuk basa Sunda. Pikeun ngahontal éta tujuan perlu ayana modél pangajaran nu leuwih kréatif tur éfektif. Kasuksésan hiji prosés diajar jeung ngajar teu leupas tina modél pangajaran nu dipaké. Dina ngajarkeun matéri pelajaran tiap guru kudu ngagunakeun daya jeung usaha supaya siswa bisa ngarti jeung paham kana naon-naon anu ditepikeunana, hal éta anu disebut modél pangajaran. Tanpa ayana modél pangajaran anu alus, moal kahontal tujuan nu geus direncanakeun, lantaran modél pangajaran nya éta hiji jalan nu kudu dilakonan ku guru pikeun ngahontal tujuan pangajaran tina tiap matéri nu ditepikeunana. Merenah henteuna guru milih modél pangajaran mangrupa salahsiji faktor dina kasuksésan prosés pangajaran.

Modél ngajarkeun basa Sunda nu aya kiwari geus rupa-rupa. Panalungtikan ngeunaan modél-modél pikeun pangajaran undak-usuk basa Sunda

ogé geus loba dilakukeun. Salasahijina panalungtikan nu dilakukeun ku Jumiarti dina skripsina “Babandingan Téhnik Ceramah jeung Téhnik Latihan dina Ngajarkeun Undak-Usuk Basa di SMP Negeri 1 Balééndah, Bandung”, jeung panalungtikan nu dilakukeun ku Eutik dina skripsina “Kamampuh Ngagunakeun Undak-Usuk Basa Sunda Siswa SMP Negeri 8 Garut”, jrrd. Tina rupa-rupa modél nu ditawarkeun ku para ahli, guru kudu selektif tur kréatif dina milih jeung ngagunakeun éta modél.

Modél STAD mangrupa salahiji modél tina pembelajaran *cooperative learning* nu nekenkeun kana ayana aktivitas jeung interaksi diantara siswa pikeun silih ngamotivasi jeung silih nulungan dina ngawasa matéri pangajaran supaya meunangkeun hasil nu maksimal. Modél pangajaran ieu dirasa leuwih ngirut ati tur bisa ngaronjatkeun sumanget para siswa pikeun diajar. Pangajaran nu wangunna kamampuh kognitif sacara individu tur dideudeulan ku kaparigelan sacara kelompok, dirasa leuwih mundel tur méré pangaruh nu gedé kana ngaronjatna pangaweruh jeung kamampuh siswa.

Ku kituna, dumasar kasang tukang di luhur, perlu ditalungtik ngeunaan modél pangajaran undak-usuk basa Sunda kalawan judul “Modél STAD (*Student Teams Achievement Division*) pikeun Ningkatkeun Kamampuh Ngagunakeun Undak-usuk Basa Sunda (Studi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011)”.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu pedaran teu lega teuing, ku kituna ieu panalungtikan perlu diwatesanan ngan saukur maluruh modél STAD (*Student Teams Achievement Division*) pikeun ningkatkeun kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajar 2010/2011.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa ngagunakeun undak-usuk basa Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél STAD (*Student Teams Achievement Division*)?
- 2) Naha modél STAD (*Student Teams Achievement Division*) bisa ningkatkeun kamampuh siswa ngagunakeun undak-usuk basa Sunda?
- 3) Naha aya bédha nu signifikan antara kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa di kelas ékspérимén (STAD) jeung kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa di kelas kontrol?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta hayang nguji modél STAD (*Student Teams Achievement Division*) pikeun ningkatkeun kamampuh siswa ngagunakeun undak-usuk basa Sunda.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) nalungtik kamampuh siswa ngagunakeun undak-usuk basa Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél STAD (*Student Teams Achievement Division*);
- 2) nalungtik modél STAD (*Student Teams Achievement Division*) dina ningkatkeun kamampuh siswa ngagunakeun undak-usuk basa Sunda; jeung
- 3) nalungtik ayana bédha nu signifikan antara kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa di kelas ékspérimén (STAD) jeung kamampuh ngagunakeun undak-usuk basa Sunda siswa di kelas kontrol.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna dina modél-modél pangajaran undak-usuk basa Sunda jeung bisa nerapkeun modél pangajaran kooperatif tipe STAD sacara éfektif sangkan bisa ngaronjatkeun préstasi diajar siswa.

Sacara praktis mangpaat tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) dina jihat paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangaruhan minat diajar siswa, hususna dina pangajaran undak-usuk basa Sunda;
- 2) dina jihat lembaga, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan tinimbangan guru sangkan leuwih kréatif dina nepikeun matéri pangajaran ka siswana; jeung
- 3) pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan.

### 1.5 Wangenan Istilah

Aya sawatara istilah dina judul anu perlu diécéskeun saperti ieu di handap.

- 1) Modél nya éta pola tina hiji hal anu rék dijieun atawa dihasilkeun;
- 2) STAD (*Student Teams Achievement Division*) nya éta tim siswa kelompok prestasi, gawé bareng antar siswa pikeun ngawujudkeun kelompok nu miboga prestasi. Modél STAD mangrupa salahiji modél tina pembelajaran *cooperative learning* nu nekenkeun kana ayana aktivitas jeung interaksi diantara siswa pikeun silih ngamotivasi jeung silih nulungan dina ngawasa matéri pangajaran supaya meunangkeun hasil nu maksimal;
- 3) Kamampuh nya éta poténsi pikeun ngawasa hiji kaparigelan nu mangrupa bawaan ti lahirna atawa mangrupa hasil tina latihan, jeung digunakeun pikeun migawé hiji hal nu diwujudkeun ngaliwatan tindakan; jeung

- 4) Undak-usuk basa Sunda nya éta sopan santun dina makéna basa anu diluyukeun jeung kalungguhan, kakawasaan, kaakraban, sarta dalit henteuna antara nu nyarita jeung nu diajak nyarita sarta jalma anu dicaritakeunana. Tujuan dipakéna undak-usuk basa nya éta pikeun silih ajénan jeung silih hormat.

## 1.6 Métode Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode ékspérimén, nya éta ngayakeun kagiatan percobaan pikeun niténan hasil. Métode ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode ékspérimén sabenerna (*True Experimental Research*) anu bisa nalungtik ayana kamungkinan hubungan sebab-akibat, ku cara ngagunakeun kana hiji atawa leuwih kelompok ékspériméntal, hiji atawa leuwih kondisi perlakuan jeung ngabandingkeun hasilna maké kelompok kontrol.

## 1.7 Sistematika Penulisan

### Bab 1

Bab I mangrupa bab anu munggaran dina ieu panalungtikan. Dina bab hiji bakal dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeunana panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, métode nu digunakeun dina panalungtikan sacara gurat badagna, jeung sistematika penulisan.

## Bab II

Bab II mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina bab II dipedar leuwih jero ngeunaan modél pangajaran STAD, undak-usuk basa Sunda, jeung léngkah-léngkah dina pangajaran undak-usuk basa Sunda ngagunakeun modél STAD. Salian ti éta, dina bab II aya anggapan dasar jeung hipotésis anu ngabogaan tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

## Bab III

Bab III mangrupa bab anu ngabahas ngeunaan kumaha métodologi panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab III ngabahas ngeunaan métode panalungtikan sacara leuwih jembar katut desain panalungtikanna, variabel jeung wangenan operasionalna, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan katut prosés mekarkeun éta instrumén, populasi sampel panalungtikan, jeung kumaha carana ngolah data anu dimeunangkeun tina hasil panalungtikan. Salian ti éta, bab tilu jadi dadasar pikeun nyusun bab IV lantaran antara bab III jeung bab IV miboga pakuat pakait anu tangtu.

## Bab IV

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu dilakukeun. Dina bab IV diébréhkeun sagembengna tina hasil panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik. Hasil atawa henteuna panalungtikan bisa katingal tina bab IV ieu.

## Bab V

Bab V mangrupa kacindekan ti sakabéh pedaran nu geus dipedar. Salian ti éta, aya saran anu ditepikeun panulis pikeun nu maca. Éta saran téh miboga tujuan pikeun kahadéan ka hareupna.

